



Rapò Konsèy la
17 me 2024



MIZAJOU KONSÈY LA

Yon dokiman biwo Doktè Alexandra Estrella, Direktris
17 me 2024

EKSELANS, EKITE AK ENKLIZYON

Kominikasyon

Premye Liv



Se PREMYE LIV 2024! Èske te tande pale de li? Kòlèg nou Carol te ekri yon chante ann antye sou li. Tande Victoria ki pral di kiyès ki te pase tòch lekti a bay Kimberly oswa aprann poukisa lekti enpòtan.

Klike la a pou gade tout bèl videyo Premye Liv yo epitou, telechaje epi pataje depliyen ki mache ak imèl sa a bay tout zanmi w yo ak fanmi w. Di yo pou yo vin pran 50,000 LIV GRATIS pa yo!

Di Wi pou yon Wòb pou al nan Bal



Elèv ki pi gran yo k ap chwazi Wòb pou y al nan bal nan evènman Di Wi pou yon Wòb pou al nan Bal la te kanpe pale ak korespondan tapi wouj nou an Brian Acevedo pou pale konsènan wòb yo e kisa yo plis ap chèche nan bal la. Klike la a pou w gade entèvyou sa yo ke sèl nou menm genyen.

Gwo kout chapo pou Sant Fanmi an ak konsiltan volontè yo ki te òganize yon evènman enkwayab! Nou te fè chak elèv santi yo tankou yon selebrite! Nou vle remèsye tou ak tout kè nou kominote

Norwalk la pou bèl kado yo te bay tankou wòb, soulye, bijou, ak lòt bagay ankò pou kreye yon bal ki pafè pou elèv nou yo.

Poukisa M ap Anseye



Yon jou oswa yon semèn nan mwa Me a, sa jis pa ase! Poutèt nou gen anpil bon grenn pwofesè nan Norwalk Public Schools, nou vin pa kapab montre yo apresyasyon nou pandan ti kras tan nou te genyen an.

Nouvo kanpay Poukisa M ap Anseye nou an se yon reyisit tèt chaje! Nou gen anpil lekòl ki patisipe pou pataje entèvyou elèv-pwofesè yo fè. Stajyè nan NPS Communications lan Lindsay Martinez Paredes genyen tou yon bèl seri ki gen pèsonèl Norwalk High School ladann.

[Klike la a pou w li dènye "Poukisa M ap Anseye - Lindsay Martinez Paredes Entèvyou..."](#)
[Klike la a pou w gade tout videyo entèvyou Poukisa M ap Anseye yo.](#)

Ekselans nan Edikasyon



Pandan n ap tann seremoni Ekselans nan Edikasyon 2024 la ki se yon seremoni Norwalk Education Foundation òganize, n ap mete aksan sou kèk nan benefisyè ki genyen ane sa a. Elèv ki te onore yo te jwenn nominasyon gras ak kòlèg nan menm edifis ak yo epi se Konsèy Gouvènans Lekòl yo ki seleksyone yo.

Gade plis sou paj Facebook ak Instagram nou yo sa gen ladann Paula Madden de Pwochen Etap ak Erica Dellon ki ak Pwochè CHÈCHE.

Tanpri Sonje: Evènman Ekselans nan Edikasyon an te repwograme pou **Jedi 30 me, sòti 6 zè rive 8 è nan aswè lokal The Shore and Country Club**. N ap tann pou nou selebre moun n ap onore pou ane 2024 la.

Sizoka Ou Pa Te La

SoNo Paten Lekòl (VIDEYO)

¡Hola Familia! Episodio 3 (VIDEYO)



Apresyasyon Pwofesè nan Roton Elementary School (VIDEYO)



Dat Enpòtan

Lendi 27 me - Memorial Day (Pa gen lekòl, Biwo Santral lan ap fèmen)

Jedi 13 Jen - Lage 2 zèdtan Alavans

Vandredi 14 Jen - Dènye Jou Lekòl (Lage 2 zèdtan Alavans)

Mèkredi 19 Jen - Juneteenth (Biwo Santral la Fèmen)

Pwochen Evènman yo

Premye Liv 2024

Samdi 18 Me soti 11 zè nan maten pou rive 3 zè nan aprèmidi
Brien McMahon High School, 300 Highland Ave. in Norwalk

An nou ale ankò! Reading Opens the World, yon inisyativ Premye Liv, ap retounen Samdi 18 Me depi 11 am jiska 3 pm nan Brien McMahon High School. Vini epi chwazi pami plis pase 50,000 liv GRATIS!

[Klike la a pou w aprann plis konsènan aktivite a](#)

Cho Atistik nan Tout Vil la

Jedi 23 me, sòti nan 5 è rive 7 è nan aswè

The Norwalk Art Space, 455 West Ave. in Norwalk, CT 06850

Norwalk Art Space ap òganize lansman Cho Atistik nan Tout Vil la nan kolaborasyon ak Norwalk Public Schools nan dat Jedi 23 Me, sòti nan 5 è rive 7 è nan aswè. Egzibisyon an pral montre travay atistik elèv klas K-12 te kreye. Cho a ap dire jiska 6 Jen.

NOUVO DAT!

Lari Louvri nan Norwalk: Festival Bisiklèt, Mache, Patinen

Samdi 1ye Jen sòti nan 9 è nan maten rive 1 è nan aprèmidi

Calf Pasture Beach Road in Norwalk

Vin fè eksperyans Lari Louvri nan Norwalk yon lòt fason. Lari Louvri nan Norwalk se yon opòtinite amizan e gratis pou rekreye nou epi ranfòse lyen kominotè yo lè yo louvri Calf Pasture Beach Road pou mache, monte bisiklèt ak patinen. Se yon evènman GRATIS ki louvri pou piblik la. Vin pwofite yon vire sou bisiklèt, ranje bisiklèt, aktivite pou timoun ak machin k ap vann manje.

Pa bliye kanpe kot tab Norwalk Public Schools la ansanm ak zanmi nou yo nan Sant Fanmi NPS la.

Fwa Divèsite ak Karyè epi Sèvis nan Norwalk Public Schools

Jedi 6 Jen, sòti 3 zè rive 6 zè nan aprèmidi

Brien McMahon High School, 300 Highland Ave. in Norwalk

Norwalk Public Schools se distri eskolè #1 nan konte Fairfield la sou dosye Divèsite a epi nou ap rekrite!

Si ou enterese pou vin fè pati yon ekip ki ap fè gwo efò pou selebre anpil kilti ak orijin, ebyen Norwalk Public Schools se pi bon kote pou ou fè sa a. NPS ap rekrite moun nan tout zòn ki konpoze distri nou an. Nan fwa sou karyè a, kandida pou travay yo kapab vin rankontre kèk nan anplwaye administratif nou yo epi aprann plis konsènan kèk nan sèvis Vil Norwalk gen pou li ofri yo.

Pou w jwenn plis enfòmasyon, voye yon imèl bay jamesk@norwalkps.org. Pou w enskri alavans nan aktivite a, itilize lyen sa a:

https://docs.google.com/forms/d/e/1FAIpQLSfmoL8Vj3sA38DvUvyleYhZQmXcui2JwvqlyeQt_Ad48rKlzw/viewform

Fyète nan Pak la

Vandredi 8 Jen soti midi rive 8 è nan aswè (Stann NPS la louvri soti midi rive 4 è nan aprèmidi)

Veteran's Park, 42 Seaview Ave. in Norwalk

Norwalk Public Schools fyè pou l retounen nan Fyète Norwalk sou Plas la nan dat 8 Jen. Mete ansanm ak nou pou yon jounen inite, lanmou ak selebrasyon kote w ap ri, ap gen mizik ak lespri kolektif kominote LGBTQ+ la ak alye l yo.

Nou bezwen volontè! Tanpri kontakte Emily nan morgane@norwalkps.org si w enterese sèvi kòm volontè nan stann nou an.

Gadyen Frè m nan ak Gadyen Sè m nan

Ane sa a, 75 elèv nan tout distri a te patisipe nan Vwayaj Fen Dane MBK ak MSK fè chak ane a. Elèv yo ak konseye yo te vizite Philadelphia, kote yo te vizite Temple University, mize Afriken Ameriken an epi yo te mache pandan y ap vizite distri istorik la e yo te fini vwayaj la ak yon dine nan Hard Rock Cafe!



Tès ak Responsablite

Peryòd egzamen Yon Ekilib pi Entèlijan ak Lasyans Nouvo Jenerasyon an pou klas 3-8 se 7 Me pou 24 Me. Ekip la siveye patisipasyon regilyèman. Yo mande pou distri yo ak lekòl yo gen yon minimòm 95% patisipasyon. Pou kounye a, plis pase 75% nan elèv yo te kòmanse egzamen Literati Anglè, plis pase 60% te kòmanse matematik e plis pase 50% te kòmanse syans.

Peryòd egzamen DIBELS la pou elèv klas K-3 te fini 8 Me. Evalyasyon sa a sèvi pou tcheke konpetans literè lakay timoun e pou idantifye elèv ki bezwen al nan Akademi Lekti Ete a. Angwo, pousantaj elèv ki reponn ak referans prentan an se te 64.6% an konparezon ak 53.4% elèv yo ann otòn. Kantite elèv ki te idantifye pou Akademi Lekti Ete 2024 la diminye de 6% parapò ak 2023.

Rapò prentan pou distri yo ak lekòl yo nan NWEA nan preparasyon kounye a. Distri a ap kontwòle pousantaj elèv ki fè gwo mwayèn (plis pase 60 pousan). Rezilta matematik pou Prentan 2024 la montre 43% ranpli kritè yo sa ki depase 2023 de 9 pousan ni rezilta 2022 yo de 13%. 39% elèv yo te rive fè mwayèn yo nan lekti, 1 pousan pi ba ke rezilta prentan 2023 yo, e 1 pousan pi wo ke rezilta 2022 yo.

Rechèch ak Analiz

Chak ane lekòl yo angaje nan kreye yon Plan Amelyorasyon pou Lekòl la. Pou aji yon fason ki rasyonèl e pi byen sible palnifikasyon amelyorasyon lekòl la, yo te repase men nan modèl la an fonksyon de kòmantè direksyon lekòl la te fè. Yo te prezante nouvo modèl la nan reyinyon ak Direktè ak Asistan Direktè yo ki te fèt semèn pase a. Anplis de sa, yo te bay chak lekòl kalkil yo te fè sou objektif pou fen ane a. Y ap bay sipò ak lekòl yo nan mwa k ap vini an lefètke yo angaje nan Evalyasyon Bezwen yo sou baz done ane sa a ak plan pou ane lekòl 2024-25 lan.

Etandone peryòd egzamen NWEA yo pou fen ane a rive nan bout li, yo tou entegre rezilta matematik ni rezilta lekti nan tablo kontwòl done NPS la. Anplis ke w ap ka wè rezilta yo epi fouye nan pèfòmans elèv yo pa gwoup, lekòl yo ap ka wè kantite elèv ki bezwen sipò akademik ak/oswa prezans sou tout ane lekòlla.

PWOGRAM, ENSTRIKSYON AK APRANTISAJ ESPESYALIZE

Syans Imanitè

Pandan y ap kontinye sipòte nouvo egzijans Syans Sosyal yo, 2e pwomosyon pwofesè lekòl elemantè yo te resevwa premye sesyon enfòmasyon an. Lendi pwochen k ap 20 Me se ap dènye sesyon an pou pwofesè lekòl elemantè yo. Ekip la ap refè egzamen deferan pati etid yo pou kounye a ak sijè Leta bay la pou prepare pwogram travay ete a. Edisyon mwa Avril la pou Curricula Corner a te pibliye gras ak soutyen etidyan ki pale plizyè lang. Konkou pwezi a te rive nan bout li e elèv ki te resevwa Pri pou Ekselans lan te jwenn mesaj la e y ap prezan nan reyinyon Konsèy Edikasyon an nan dat 21 Me. Ekip la kontinye ap travay sou preparasyon lekòl pandan ete a.



Matematik/STEM

Ekip STEM nan te asiste dènye sesyon Konsèy CES la semèn pase a, ki se toujou yon sesyon kote manb konsèy syans ak matematik ki soti nan lòt distri kolabore ansanm. Anplis de sa, nou rasanble enpresyon ak enfòmasyon de pwofesè sou enplemantasyon pwogram matematik la ane sa a epi planifye pou revizyon pwogram nan k ap fèt avan pwochen ane lekòl la kòmanse. Epitou, nou te asiste de (2) kalite vizit ekip pwofesè semèn pase a pou soutni diferan fwaye ppu lekòl yo. Nou kontinye ap travay sou preparasyon lekòl pandan ete a. Plan pou devlopman pwofesyonèl pandan ete ak prentan an nan preparasyon.

Apranti Plizyè Lang

Depatman Apranti Plizyè Lang nan te òganize yon seyans fòmasyon pou pwofesè yo sou Word HD, ki se yon seri leson ki tou anseye fondasyon pou konpetans lekti epi strikti son de baz yo. Pwofesè yo ap itilize leson sa yo nan gwoup ki pi piti pou sipòte elèv yo nan devlopman aprantisaj lekti. Sant Fanmi an te òganize premye evènman Di Wi pou yon Wòb pou al nan Bal ki te fèt semèn pase a! Nou te gen 107 patisipan ki te ka chwazi rad pou al nan bal yo t ap reve a epi resevwa yon kupon pou tikè bal yo a. Gade lyen ki pi ba yo pou kouvèti nouvel lokal yo:

<https://longisland.news12.com/norwalk-public-schools-family-center-hosts-first-prom-dress-giveaway>

<https://www.nancyonnorwalk.com/norwalk-prom-goers-say-yes-to-the-dress/>

Devlopman Mendèv

Ekip Devlopman Mendèv la te rankontre ak Goodwin University pou eksplòre pwogram soudi a, ke yo pral ofri bay elèv yo ak fanmi yo. Travay la ap kontinye nan Sibvansyon Career Z Challenge lan pandan ekip la patisipe nan kominote pratik la epi mete sou pye divès sesyon travay angwoup. Pou kounye a nou nan twazyèm etap soumisyon pou sibvansyon, ki se pou fè twazyèm koreksyon nan sibvansyon an epi soumèt li nan mwa Jen. Planifikasyon ak preparasyon “Premye Liv” ap vanse e evènman an ap òganize nan kèk jou. Nou fè kòmand yon bon tanperati pou evènman an e nou espere wè tout moun! Ekip la te rankontre tou ak lekòl QuickDraw pou eksplòre opòtinite pou elèv yo ak fanmi yo pousuiv sètifikasyon nan domèn swen sante. Nou te rankontre ak Leta CT anrapò ak pwogram Pilòt pou sibvansyon nan Sante Mantal pou n resewa dènye mizajou eta a.. Norwalk nan Eta CT ak Devlopman Mendèv NPS kontinye fè patenarya pou pote Kou Sètifikasyon Mendèv pou moun ki fenk antre nan inivèsite ak sa ki pral fini yo pou Otòn nan. Norwalk nan Eta CT ansanm ak NPS te mete ansanm nan yon patenarya pou pote aktivite Peryòd Vakans yo a ki rele “College for Kids” (Inivèsite pou Timoun). Norwalk nan Eta CT pwopoze yon kan antrènman komèsyal gratis pandan ete a pou 2 semèn pou moun k ap antre ak sa k ap soti nan inivèsite yo. Komite Sibvansyon Perkins lan rankontre de fwa pa semèn pou revize ak egzaminen finansman pou sezon Ete 2024 la. Komite Sibvansyon Ekspansyon Kredi Doub la te kreye yon aplikasyon pou pwofesè yo, epi pwofesè yo deja kòmanse aplike. ***Pou tout Opòtinite Devlopman Mendèv NPS yo ak plis ankò, vizite www.norwalkps.org/careertraining. Tanpri asire ou make sit entènèt la epi tcheke regilyèman pou nouvo opòtinite enteresan!***

Konsèy/Sèvis Sipò

Espesyalis Kolèj ak Karyè yo, ak sipò ekip Konsèy Lekòl la, te òganize 38yèm Fwa Anyèl Kolèj la! Ekip la kontinye ap travay ak 10 pwomosyon lekòl ansanm ak EduSolve pou fè done nou yo mache ak pi bon pratik yo. Rezo RISE la te òganize Kominote Pratik Pòs-Segondè l la pou mwa Me a epi aprè sa yo te vizite Konseye nan Lekòl Segondè yo nan distri nou an nan kad reyinyon suivi a. Ekip la te rankontre ak Ministè Edikasyon Nasyonal kote nou te atire atansyon sou DESSA ak Travay Sosyal ak Emosyonèl nan Lekòl Piblik Norwalk yo. Nou kreye yon komite konseye eskolè pou mwa Jen an kote konseye eskolè yo pral ekri kourikoulòm pou aprantisaj sosyo-emosyonèl. Travay la ap kontinye nan Evalyasyon SHAPE nan patenarya ak Enstiti Sante ak Devlopman Timoun.

Aprantisaj Espesyalize

Plizyè manb nan Depatman Aprantisaj Espesyalize a te retounen sot pase yon bèl moman nan Enstiti Nasyonal LRP nan kad Konferans sou Edikasyon Endividyèl ak Andikape nan Savannah, Georgia. Ekip la te asiste plizyè sesyon sou kesyon legal nan edikasyon espesyal ak mizajou sou kèk ka nan domèn jiridik. Ekip la te konekte tou ak manb CONNCASE yo (Konsèy Administratè Edikasyon Espesyal nan Connecticut) ki te nan asistans lan tou. Chak jou te chaje ak aprantisaj epi fè rezo koneksyon ak lòt kolèg toupatou nan peyi a.

Administratè edikasyon espesyal Jamie Granite te òganize yon seminè sou ansèyman pataje pou pwofesè ki nan edikasyon espesyal pataje nan lekòl elemantè Jefferson ak Kendall. Seminè a te sou entènèt e se Nicole Eredics ki te prezante l. Li te kouvri plizyè sijè tankou Estrateji ki pi Bon, pi Efikas pou Ansèyman Pataje yon fason pou ka Ogmante Reyisit Elèv la. Yo te bay pwofesè yo resous enpòtan yo ka itilize nan klas yo. Reyaksyon yo pozitif anpil, e ekip la ta swete gen lòt seminè alavni epi enplike ni ekip edikasyon an jeneral ni sa ki fè ansèyman pataje edikasyon espesyalize nan tout lekòl.



DEVLOPMAN LIDÈCHIP

Pwomosyon Devlopman Lidèchip Selebrasyon Final

Nan dat 15 Me, ekip la te òganize dènye selebrasyon pou inogirasyon Pwomosyon Devlopman Lidèchip NPS la. Evènman an te yon gwo siksè pandan nou t ap selebre travay ak akonplisman pwomosyon an. Pandan tan yo te ansanm nan, manb pwomosyon an te prezante pwojè rechèch yo te fè bay manb Konsèy Edikasyon an, manb Kabinè yo, ak lòt lidè nan distri ak lekòl yo. Anplis de sa, Christy Counts (Nathan Hale), Stephanie Peckham (Nathan Hale), ak Mayrenid Mejia-Ayala (Silvermine) te pataje istwa “lidèchip poukisa” ak Maryann Murillo (Nathan Hale) epi Miranda Getz (Cranbury) te pataje refleksyon yo sou tranzisyon nan yon pozisyon asistan direktè pa enterim. Remèsiman espesyal a tout moun ki te sipòte lidè sa yo k ap grandi toutpandan ane lekòl la ak pandan selebrasyon an!



Reyinyon Fòmasyon yo pou mwa Me

Nan dat 16 Me, Dani Brown ak Misty Hofer te òganize epi fasilite dènye reyinyon Fòmasyon yo pou ane lekòl la. Pou sesyon sa a, Fòmasyon Matematik ak Alfabetizasyon yo te chita ansanm pou reflechi sou akonplisman yo pandan ane a epi kòmanse planifye pou ane lekòl 2024-25 lan. Pandan sesyon an, fòmasyon yo te angaje nan divès eksperyans aprantisaj ki te fèt pou ede yo pi byen konprann Pòtrè travay yon moun k ap gradye, ak yon konsantrasyon sou konpetans Panse Kritik. Ekip la remèsye Fòmasyon Matematik ak Alfabetizasyon nou yo pou devouman ak angajman yo pou asire yo tout elèv yo gen aksè ak Enstriksyon ak Sipò Bon Kalite (Priyorite Estratejik NPS #5).



BIZNIS AK OPERASYON

Sèvis Manje



Pwogram Fwui Fre ak Legim ap byen mache pou prentan an.



Health Benefits:

1. Vitamin A - promotes healthy vision and cell growth
2. Vitamin B6 (pyridoxine) – brain, nervous and immune systems
3. Magnesium – heart, bones, and nervous system health



Health Benefits:

1. Rich in Vitamin C – immune system and healing
2. Antioxidants – overall health and fight against cancer
3. Fiber – digestion and heart health

Semèn 20 Me a nou genyen [zoukini](#) ak [karanbòl](#) ak yon bonis frèz, epi pou semèn 27 Me legim nan se ap [pòm detè](#) e fwi a se ap [mango](#).



Health Benefits:

1. Fiber: digestion, heart health, and satiety
2. Vitamin C: immune system, skin & healing
3. Potassium: heart health, muscles, and nervous system



Health Benefits:

1. Rich in Vitamin C, A & K – immune system, healing, vision
2. Rich in antioxidants – skin & reduces cancer risk
3. Contains potassium, folate and magnesium – heart, bones and brain health

Ou ka wè tout videyo Aprann epi Goute nou yo la a:

[Aprann epi Goute: Mango](#)

[Aprann epi Goute: Karanbòl](#)


[Aprann epi Goute: Zoukini](#)

Tcheke tout [Evènman Chartwells NPS](#) pou mwa April la.

Pa rate [Blenndè Bisiklèt](#) k ap nan lekòl ou a pwochènan.
 N ap sèvi yon melanj fwi ki pa gen lèt e ki rafrechisan. [Fè l poukont ou ak resèt sa a.](#)
 Pandan 2 pwochen semèn yo Blenndè bisiklèt la ap nan lekòl sa yo:
 May 21 Wolfpit
 May 22 Naramake
 May 23 Sono
 May 28 CMS/Ponus
 May 29 Tracey
 May 30 Side by Side Charter School

Etablisman

Bilding Sant Sante Konimotè Norwalk la nan Sant Fanmi an gen anpil pwogrè. Gen plizyè bagay ki rete tankou travay chapant ak mèb.



Sekirite Lekòl la



SHELTER! Hazard and safety strategy.

STUDENTS

Use appropriate safety strategy for the hazard

Hazard	Safety Strategy
Tornado	Evacuate to shelter area
Hazmat	Seal the room
Earthquake	Drop, cover and hold
Tsunami	Get to high ground

ADULTS

Lead safety strategy
 Account for students and adults
 Notify if missing, extra or injured students or adults

© Copyright 2009-2020. All Rights Reserved. The Standard Response Protocol and Logo are Trademarks of The "I Love U Guys" Foundation and may be registered in certain jurisdictions. This material may be duplicated for distribution per "SRP Terms of Use". SRP-K12-Poster_ADD1-Poster_EN | V 1.0 | Created: 11/5/2020
 Avoid, Deny, Defend is a Trademark of ALERT™



Pandan tranblemanntè lotrejou a, plizyè lekòl rapòte ke yo pat sèten si pou yo te aktive yon Pwotokòl Rete sou plas (antre, kache anba yon bagay) oswa Pwotokòl Sekirite a (antre, fonksyone nòmal). Pou tèminoloji ki deja egziste a rete kole ak kalite danje ak plas yo, Ekip Pwoteksyon ak Sekirite a devlope 2 kalite Pwotokòl Rete Anndan ("Gwo" ak "Piti") sa depan de ki danje ki genyen e

konbyen tan l ap dire. Dènye vèsyon pwotokòl yo ak tout sa pou n fè si gen tranblemanntè, nan prezantasyon ki pi ba a.

[Reyinyon Komite Pwoteksyon an 4.25 Rete Anndan pou yon ti tan. Kouran koupe.pptx](#)

Shelter In

Shelter In- Hard

- Environmental hazard related
- Get inside
- Visitors, students, staff able to enter building
- Seek cover- bring students and staff into hallways away from windows

Shelter In- Soft

- Environmental hazard related
- Get inside
- Visitors, students, staff able to enter building
- No one out
- Business as usual inside building



Footer

5

Transpò

Festival Bisiklèt, Mache, Patinen an te repwograme pou Samdi 1ye Jen, soti epi rejwenn nou pou yon Evènman Lari Louvri!

NORWALK
OPEN STREETS
WALK, BIKE, & ROLL FESTIVAL
Saturday June 1st: 9AM - 1PM
Calf Pasture Beach Rd.
Free and open to the public!

- Bike Rodeo
- Bike Tune-Ups
- Kids Activities
- Food Trucks

QR code

Come experience our streets in a new way! Norwalk Open Streets is a fun and free opportunity for recreation and community building by opening Calf Pasture Beach Rd. to walk, bike, and roll.

Logos: NORWALK BIKEWALK COMMISSION, NORWALK Recreation & Parks, I ♥ NORWALK, NORWALK Public Schools, SafeRoutes, NORWALK Public Health, WATCH FOR ME CT, Nuvance Health.

Byenvini ak Elizabeth A, nouvo chofè nan Durham ki rejwenn ekip la ofisyèlman jodi a! Elizabeth pral kondui sou wout ki desèvi Lekòl Elemantè Brien McMahon, Ponus Ridge ak Tracey.

Nan dat 14 Me Biwo Transpò NPS la te fè yon patenarya ak Sèvis Lekòl Durham nan pou ede nan livrezon bwat/manje Men Ansanm pou Lespwa pou plis pase 70 fanmi.



Sèvis Sante



Plis pase 100 elèv te pase egzamen kè atravè fondasyon In a Heartbeat, nan dat 2 Avril nan Norwalk High School. Gen 2 elèv yo te jwenn ki gen anomali kadyak e yo te rekòmande yo pou fè suivi ak yon espesyalis kè. In a Heartbeat travay pou idantifye moun ki gen risk pou kè yo rete bridsoukou.



*Thank You
NPS Nurses!*

School Nurse Appreciation Day

Please join us in thanking our school and district nursing staff for all they are do to keep everyone healthy and safe!

Enfimyè yo te jwenn rekonesans nan dat 8 Me pou Jounen Apresyasyon Enfimyè nan Lekòl la. Ekip la rekonesan pou devouman ak swen sante enfimyè NPS yo te bay!

Etandone ane lekòl la rive nan bout li, enfimyè yo ap retounen medikaman elèv yo bay paran/responsab yo. Tanpri asire w ou pran medikaman elèv la nan fen ane lekòl la. Medikaman ke yo pa pran ap detwi. Pa tann ankò- klike [la a](#) pou preskripsyon medikaman pou elèv ou a ka pran medikaman nan lekòl la pandan pwochen ane lekòl la!

APRANTISAJ NIMERIK AK TEKNOLOJI

Lojisyèl Antrepriz ak Done

Ekip la te rive konpile epi pataje done evalyasyon fen ane a ak Direktè Tès ak Reponsablite a. Anplis de sa, y ap prepare lis lekòl ete a nan tout lekòl elemantè yo, y ap itilize rezilta alfabetizasyon ak fen ane lekòl Dibels ak NWEA a pou garanti yon soutyen editatif pèsonalize.

Enfrastrikti ak Operasyon

Nouvo pwoteksyon ekip la kont dife te vini e yo prevwa enplemantasyon ak konvèsyon an nan 2 semèn, e yo sipoze konplete tranzisyon sa a nan fen Jen. Ekip la ap pote amelyorasyon nan mezi sekirite sou entènèt gras ak yon patenarya ak yon nouvo konpayi sekirite ki entegre teknoloji AI avanse pou analize epi sekirize imèl yo.

Aprantisaj Nimerik

Lidè yo nan nouvo bilding VLS la ansanm ak lidè distri ak IT, twouve yo pou kounye a mam Kansas City y ap asiste seyans demaraj ke Digital Promise òganize. Y ap diskite sou sijè tankou Ekite Digital,

modèl fòmasyon ak estrateji pou deplwaye nouvo aparèy. Inisyativ sa a fè pati efò k ap fèt pou elaji angajman anvè Digital Promise epi anrichi kapasite aprantisaj dijital pandan ane k ap vini an.

FINANS

Bidjè

Lotrejou nou fini reyinyon pou Bidjè de Baz Lekòl la pou ane 24-25 e semèn sa a nou t ap fè suivi pou asire nou ke nou pale sou tout aspè ki nesèsè yo. Anplis de sa, nou fè mizajou nan MUNIS ak chanjman nou resevwa nan men SBB e nou entegre mizajou yo nan biwo santral la. Epitou, nou t ap diskite ak lekòl yo sou pwojeksyon pou fen ane 23-24 la, ansanm ak rezime mizajou nan gran liv kontab la.

Acha/Kont Kredi

Tanpri note ke delè pou w soumèt repons yo pou Rekèt Pwopozisyon Konpayi Jesyon Sèvis Manje a se Lendi 20 Me. Komite evalyasyon an ap regade epi bay nòt pou soumisyon pwopozisyon an, nan entansyon pou anonse ki kote ki jwenn kontra a nan Mèkredi 22 Me. Anplis de sa, ekip Aktivite Elèv la te fè yon reyinyon ak Tyler Technologies semèn pase a pou pale sou egzijans sa mande ak pwogrè ki fèt nan pwodiksyon an. Sepandan, ekip la toujou bezwen sipò IT pou fasilite enpresyon ak finalize fòm travay la.